


Pwojè Bon Vwazen (The Good Neighbor Project)

Chwazi epi Fòme Manm Nan Kominote yo pou Reponn ak COVID-19 la an Ayiti



Prezantasyon

Travayè lasante yo jwe yon wòl esansyèl nan fè pwomosyon lasante ak byennèt nan kominote yo, espesyalman pandan moman kriz yo (OMS, 2021). Toutfwa, malgre wòl enpòtan travayè sa yo jwe nan liv sèvis swen sante esansyèl, gen yon karans travayè lasante nan nivo mondyal ki pwojete pou ogmante rive 18 milyon anvan 2030 (Schwartz, 2020). An Ayiti pa egzanp, estimasyon rapò medsen-pasyan an se 0.25:1000, ki tonbe byen ba pase rapò 1:1000 OMS rekòmande pou peyi k ap devlope yo. Karans sa a rann li difisil pou manm nan kominote an yo jwenn aksè ak sèvis sante ki tèlman nesèsè yo pandan pandemi an. Parapò ak pwoblèm sa a, [Lumen Vitae](#) ak [Jesus Youth International](#) te devlope Pwojè Bon Vwazen, yon pwojè travayè lasante kominotè (CHW) ki te chwazi epi fòme jenn adilt ki fyab an Ayiti pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la nan kominote yo (Kunnumpurath, 2021).



Pwojè Bon Vwazen

Pwojè Bon Vwazen te mete sou pye apati mwa me 2020 pou rive septanm 2020 nan Pòtoprens, Ayiti ak nan zanviwon l yo. Nan mwa me 2020, pèsònèl Lumen Vitae an te chwazi 9 CHW ant laj 22 a 28 lane pou patisipe nan pwojè an. CHW yo te travay ak Lumen Vitae oparavan e yo te eksprime yon enterè nan remèt yon bagay bay kominote yo pandan pandemi an. CHW yo te anba sipèvizyon de kowòdonatè pwojè ki pale kreyòl ak anglè e ki te sipòte yo pandan tout pwojè an. Pandan dire kat mwa, chak CHW te resevwa yon salè stab ansanm ak yon alokasyon pou kouvri depans pou transpò ak manje pandan yo t ap travay.

Nan kòmansman pwojè an, Lumen Vitae ak depatman sante lokal lan nan Kwadèbòkè te founi chak CHW fòmasyon sou eleman debaz COVID-19 lan (pa egzanp: kijan pou limite pwopagasyon viris lan) epi sou fason pou kominike enfòmasyon konsènan prevansyon ak pwopagasyon viris lan bay manm kominote yo. Nan mwa out 2020 an, CHW yo te patisipe nan yon dezyèm fòmasyon ki te ranfòse eleman debaz COVID-19 yo e te founi yo enfòmasyon sou kijan pou yo jere finans pèsònèl yo akòz revni yo t ap antre an pandan pwojè an. Anplis, twa CHW te resevwa fòmasyon sou fason pou fè mask twa kouch ak machin akoud, ki te distribye pi devan bay fanmi yo pandan vizit adomisil yo.

Aprè resepsyon fòmasyon inisyal lan, tout CHW yo te kòmanse travay twa jou nan semèn lan, jeneralman jou lendi, mèkredi ak vandredi. Nan lendi ak mèkredi, yo te konn reyalize vizit adomisil, epi nan vandredi kowòdonatè pwojè yo te konn konvoke yo pou pataje eksperyans, defi ak siksè yo nan semèn lan. Pou prepare pou vizit adomisil yo an, chak CHW te resevwa yon valiz pou pote materyèl, yon fòmilè pou retrace ki kay yo te vizite, yon mayo pwojè an, depliyon sou prevansyon pou COVID-19 lan pou distribye, ak yon telefòn selilè pèsònèl. Yo te pase CHW yo lòd tou pou kenbe yon distans 6 pye pandan vizit adomisil yo epi dezenfekte men yo e mete yon mask. Pandan vizit sa yo, CHW yo te konn:

- **Founi fanmi yo enfòmasyon sou COVID-19 lan**, atire atansyon sou estrateji prevansyon ki te apwopriye pou kominote kote yo t ap viv lan.
- **Distribye twous pou ijyèn** ki te gen ladan yo mask, savon, dezenfektan pou men ak klowòks.
- **Kontwòle sentòm COVID-19 yo** apati yon senp kesyonè.
- **Reyalize sèvis swen sante debaz** tankou verifikasyon tanperati.

Aprè yo reyalize vizit sa yo, yo te konn reyalize suivi fasafas omwen yon fwa chak mwa pou detèmine nan ki mezi fanmi yo te respekte pwotokòl prevansyon yo te montre yo an, tankou itilizasyon mask, dezenfektan pou men ak savon pou anpeche pwopagasyon viris lan (Kunnumpurath, 2021).

Fasilitatè ak Obstak yo pou Aplikasyon an

Ant mwa me ak septanm 2020, Pwojè Bon Vwazen te atenn 1350 moun (anviwon 650 fanmi) nan Koray, Seslès, Kanaan ak Meyè. CHW yo te endike pwojè an te pèmèt yo vin gen yon pi gwo sans responsablite pou kominote yo, e yo te santi yo te kontribiye nan byennèt

jeneral sosyete an. CHW yo te endike salè chak mwa yo te resevwa te pèmèt yo resevwa yon revni stab pandan tout dire pwojè an, e yo te devlope relasyon pozitif ak fanmi yo t ap pran swen yo. Yo te remake tou yo te vin gen eksperyans nan pataje enfòmasyon sou COVID-19 lan ak manm kominote yo e, pandan vizit suivi adomisil yo, fanmi yo te endike yo t ap itilize mask, savon ak dezenfektan pou men yo te resevwa yo pou pwoteje tèt yo kont viris lan. Pou fini, rankont nan jou vandredi yo CHW ak kowòdonatè pwojè yo te patisipe an te pèmèt yo grandi nan relasyon yo youn ak lòt epi fè tèt yo travay sou nenpòt defi yo t ap konfwonte nan lide pou travay nan yon fason ki pi pwodiktif (Kunnumpurath, 2021).

Yon defi CHW yo te konfwonte se te mefians kèk fanmi ki te swa kwè enfòmasyon ki pa kòrèk sou COVID-19 lan oswa ki pa t kwè nan viris lan ditou (Philip, 2020). Pou abòde sousi sa a, yo te ankouraje CHW yo eseye konprann enkyetid fanmi yo (olye pou yo inyore yo) epi atire atansyon sou reyalyte yo ap travay ak depatman sante lokal lan pou reyalize vizit adomisil yo. Anplis, CHW yo te resevwa deplyan ki te gen ladan yo enfòmasyon sou COVID-19 lan nan men depatman sante leta a pou distribye bay fwaye lokal yo. Chak CHW te travay nan kominote li te soti an e li te konn vizite epi fè suivi ak menm fanmi yo nan yon fason konsistan sa te ede ogmante nivo kwayans ak konfyans fanmi yo te gen nan yo an (Kunnumpurath, 2021).

Enpak Pwojè Bon Vwazen an

Pwojè Bon Vwazen an te founi yon lòt fason pou asire kominote ki majinalize yo an Ayiti te ka jwenn aksè ak sèvis swen sante debaz yo pandan COVID-19 lan. Lè yo rekrite epi fòme jenn adilt ki fyab pou rapwoche sèvis sante enpòtan yo ak manm kominote yo, òganizatè pwojè yo te asire yo manm nan kominote ki nan anviwonman kote resous yo limite yo te pwoteje pandan pandemi an. Yo te bay jenn adilt ki enplike yo kapasite pou remèt yon bagay nan kominote yo. Byenke pwojè sa a te sèlman dire kat mwa, li te ranfòse avantaj ki genyen lè ou fè manm nan kominote an ki fyab livre sèvis swen sante debaz yo. Alavni, Pwojè Bon Vwazen ta ka sèvi antanke yon egzanp pou lòt peyi k ap chèche founi swen sante ki aksesib epi abòdab ak kominote ki majinalize yo pandan moman kriz yo e menm apre.

Referans

Antrevi ak yon Enfòmasyon Kle (KII) anvan ak Responsab Pwojè Bon Vwazen yo

Kunnumpurath, A. (2021). Pwojè Bon Vwazen (The Good Neighbor Project): An initiative to develop a community health worker project as a response to COVID-19 in Haiti. *The Linacre Quarterly*, 1–6.

<https://journals.sagepub.com/doi/abs/10.1177/00243639211040320?journalCode=lqra#>

Philip, R. (2020). *Pwojè Bon Vwazen: Good Neighbor Project*. Kairos Global.

<https://eng.kairos.global/?p=8317>

Schwartz, E. (2020). *The Global Health Care Worker Shortage: 10 Numbers to Note*. Project HOPE.

<https://www.projecthope.org/the-global-health-worker-shortage-10-numbers-to-note/02/2020/>

World Health Organization. (2021). *Health Workforce: Health Professions Networks*.

<https://www.who.int/teams/health-workforce/health-professions-networks/>